

- ▶ Kalite plan yo genyen pou travay la
- ▶ Repitasyon konpayi a (verifye li nan *Better Business Bureau*)
- ▶ Kisa konpayi a konnen sou kòd lokal yo ak kondisyon klima an nan zòn lan
- ▶ Pri li koute
- ▶ Mande referans

Chèche konnen si antreprenè yo gen lisans ki valab, si li egzijib. Apati 1e jiyè 2004 moun ki fè sèvis netwayaj limon yo dwe gen yon Mold Remediation Contractor's License [*Lisans antreprenè pou netwaye limon*] ki soti nan Louisiana State Licensing Board for Contractors [*Ajans ki bay antreprenè lisans pou pwofesè nan Eta Lwizyàn*]. Sa fèt Atik 880 nan Sesyon Lejislatif 2003 a epi ou jwenn li nan R.S. 37:2181—37:2192. Lalwa sa a entèdi antreprenè yo fè e analiz e netwayaj limon sou menm pwopriyete a alafwa. Ou kapab jwenn èd si w gade nan anyè telefòn ou, nan paj jòn yo anba “Engineers (*enjenyè*),” “Environmental Consultants (*konsiltan Anviwòmman*),” “Environmental Services (*sèvis Anviwòmman*),” “Laboratories-Testing (*tès nan laboratwa*),” oswa “Industrial Hygienists (*ijyenis endistriyèl*)”. Manadjè bilding yo kapab vle jwenn referans nan men lòt manadjè bilding lè y ap chwazi yon konsiltan oswa yon konpayi ki fè travay anviwòmman.

### Kisa m dwe konnen konsènan limon lè m ap achte yon kay oswa yon pwopriyete nan Lwizyàn?

Dapre Louisiana Real Estate License Law [*Lalwa sou Lisans pou Byen Imobilye nan Lwizyàn*] ak Rules and Regulations of the Louisiana Real Estate Commission, [*Prensip ak Règleman Komisyon pou Byen Imobilye nan Lwizyàn*], ajan imobilye yo dwe divilge tout “gwo” defo oswa defo ki kapab genyen nan pwopriyete a nan lavni. Lè w ap achte yon kay oswa yon pwopriyete, li enpòtan pou mande kesyon sou nenpòt defo ki genyen nan pwopriyete a koulye a oswa oparavan. Dapre Atik 308 nan Sesyon Lejislatif 2003 (R.S. 9:3196—9:3199), vandè yon pwopriyete rezidansyèl nan Lwizyàn dwe bay yon Property Disclosure Statement (*Deklarasyon ki bay enfòmasyon sou pwopriyete*) ki dwe gen enfòmasyon sou pwoblèm limon ki te genyen nan pwopriyete a anvan ak koulye a.

### Èske kontra asirans mwen genyen antan pwopriyete kay la kouvri dega limon koze yo?

Yon kontra asirans pou pwopriyete kay kouvri dega ki fèt bridsoukou oswa dega ki fèt pa aksidan epi ki ekri nan kontra asirans lan: pa egzanp dife oswa dega yon tanpèt oswa yon tiyo dlo ki pete toudenkou koze. Dega limon fè kapab pa ekri nan kontra asirans lan. Nan Lalwizyàn, kontra asirans pou pwopriyete kay pap kouvri depans li koute pou fè evalyasyon limon nan kay la, prekosyon pou pran pou anpeche limon pwopaje, oswa pou elimine limon. Asirans lan pap kouvri depans sa yo menm si konpayi a te peye pou dega limon koze poutèt yon reklamasyon li kouvri (pa egzanp dega yon gwo tanpèt lapli koze). Li enpòtan anpil pou pwopriyete kay yo repase kontra asirans yo genyen koulye a oswa pou yo pale ak yon ajan asirans konsènan dega limon koze.

### Ki kote mwen kapab jwenn resous anplis?

Pou plis enfòmasyon sou pwoblèm ki gen rapò ak limon, menm si se pou netwayaj ak kontwòl limon, ou kapab ale nan ajans oswa òganizasyon sa yo:

- American Industrial Hygiene Association (AIHA) [*Asosyasyon Amerikèn pou Ijyèn Endistriyèl*]— [www.aiha.org](http://www.aiha.org)
- Centers for Disease Control & Prevention (CDC) [*Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi*] - [www.cdc.gov/nceh/airpollution/mold](http://www.cdc.gov/nceh/airpollution/mold)
- Environmental Protection Agency (EPA) [*Ajans pou Pwoteksyon Anviwòmman*] – [www.epa.gov/iaq/molds](http://www.epa.gov/iaq/molds) oswa 1-800-887-6063
- Louisiana Department of Health & Hospitals, Office of Public Health
- (DHH/OPH) [*Depatman Sante ak Lopital nan Lwizyàn, Biwo Sante Piblik*] – [www.oph.dhh.louisiana.gov](http://www.oph.dhh.louisiana.gov) oswa 1-888-293-7020
- Louisiana State Licensing Board for Contractors [*Komite ki bay antreprenè lisans nan Eta Lwizyàn*]— [www.lslbc.state.la.us](http://www.lslbc.state.la.us) oswa 1-800-256-1392

**Pwopriyete kay yo kapab jwenn enfòmasyon si yo kontakte ajans sa yo:**

- Louisiana Department of Insurance (LDI) [*Depatman Asirans nan Lwizyàn*]—[www.lds.state.la.us](http://www.lds.state.la.us) oswa 1-800-259-5300
- Louisiana Real Estate Commission [*Komite pou Byen Imobilye nan Lwizyàn*]— [www.lrec.state.la.us](http://www.lrec.state.la.us) oswa 1-800-821-4529

### Referans

- CDC/NCEH Fact sheet: Molds in the Environment [*Feyè enfòmasyon CDC/NCEH: Limon nan anviwòmman an*]
- EPA, A Brief Guide to Mold, Moisture, and Your Home [*EPA, Yon gid rapid sou limon, mwazi, ak lakay ou*]
- EPA, Mold Remediation in Schools and Commercial Buildings [*EPA, Lisans pou netwaye limon nan lekòl ak nan bilding komèsyal*]
- Louisiana House Bill 1328, Act 880, 2003 Regular Legislative Session (R.S. 37:2181—37:2192) [*Lachanm Lejislatif nan Lwizyàn, Dekrè 1328, Atik 880, Sesyon Lejislatif Regilye 2003 (R.S. 37:2181—37:2192)*]
- Louisiana House Bill 92/ Act 308, 2003 Regular Legislative Session (R.S. 9:3196—9:3199) [*Lachanm Lejislatif nan Lwizyàn, Dekrè 92, Atik 308, Sesyon Lejislatif Regilye 2003 (R.S. 9:3196—9:3199)*]
- Se Department of Health and Hospitals, Bureau of Media and Communications [*Depatman Sante ak Lopital, Biwo Medya ak Kominikasyon*] ki te pwodwi dokiman elektwonik sa a. Se Biwo Leta yo ki te enprime dokiman an suivan prensip pou enprime ki etabli dapre R.S. 43:31.



Kisa W Dwe  
Konnen  
Konsènan  
Sante W ak  
Pwopriyete W

L  
I  
M  
O  
N

DEPARTMENT OF HEALTH  
AND HOSPITALS

Seksyon Epidemyoloji ak  
Toksikoloji Anviwòmman

# LIMON SE YON KALITE FONGIS YO JWENN NAN CHAK ANVIWÒNMAN

## Bwochi sa a PA la pou kouvri tout sa ki gen rapò ak limon, sèlman pou bay yon ide jeneral.

Limon pouse nan kote ki gen imidite; kifè, klima imid Lalwizyàn lan se yon klima ki bon pou limon pouse. Kontwòl imidite se kle pou anpeche limon pouse anndan kay. Si w kapab wè limon an, ajans federal/etatik pou lasante ak anviwònman pa konseye pou w fè tès pou limon. Se paske tès la pa bay enfòmasyon sou kouman pou anpeche limon pouse oswa kouman pou netwaye li. Pwopriyete kay responsab pou depans li koute pou fè tès ak pou netwaye limon an. Pa gen okenn ajans leta nan Lalwizyàn ki fè tès oswa ki netwaye limon. Moun ki bay sèvis netwayaj yo dwe swiv Lalwa 37:2181—37:2192 ki te Revize nan Lalwizyàn. Yo te pase lalwa sa a sou non Atik 880 nan Sesyon Lejislatif 2003. Lalwa sa a ap pwoteje lasante ak sekirite rezidan Lalwizyàn yo paske li fè ansòt pou antreprenè yo konnen kouman pou yo netwaye limon.

*Pou plis enfòmasyon, rele Louisiana State Licensing Board for Contractors nan (225)-765-2301 oswa rele nimewo telefòn gratis la 1-800-256-1392 oswa ale nan sitwèb yo a nan [www.lslbc.state.la.us](http://www.lslbc.state.la.us).*

## Kisa Limon ye?

Limon se yon kalite fongis. Mwazi se yon lòt mo pou limon. Nou tout respire ti kantite limon tou piti chak jou. Limon pouse anndan kay lè selil limon an rantr an kontak ak kote ki mouye. Kifè, limon pouse nan kote ki gen dlo, kote ki imid nan bilding yo. Ou kapab jwenn limon kote ki gen dega dlo koze, kote ki gen anpil imidite ak kote ki gen dlo. Kèk nan limon ki pi kòmen yo se « Cladosporium », « Penicillium », « Alternaria », « Aspergillus », ak « Mucor ».

## Kisa ki « Limon Toksik » oswa « Limon Nwa Toksik »?

« Limon Toksik » se limon ki pwodwi yon konpozisyon yo rele mikotoksin. Mikotoksin se kòm yon defans kont lòt mikowòganism. « Limon Nwa Toksik » fè referans a yon kalite limon – « Stachybotrys Chartarum » (yo rele li « Stachybotrys Atra » tou). Kalite limon sa a pouse sou materyèl ki mouye, epi li devlope akòz pwoblèm dlo ki dire lontan (anpil imidite, dlo ki koule, dega dlo oswa inondasyon). Pou limon sa a pouse, fòk gen imidite tout tan. Nwa a se yon koule, se pa yon kalite limon. Kifè, se pa tout limon nwa ki « Stachybotrys Chartarum ». Pa gen okenn tès ki fèt nan klinik pou detèmine si w ekspozé a kalite limon sa a.

## Èske limon ka bay pwoblèm sante?

Limon kapab pwodwi alèjèn, iritan epi nan kèk sikonstans toksin. Respire oswa manyen selil limon kapab koze reyaksyon alèjik pou kèk moun epi li kapab agrave pwoblèm respiratwa, tankou opresyon. Reyaksyon ou plis jween limon konn bay yo se tous, konjesyon, nen koule, je boule, maltèt, etènye, ak malgòj. Timoun ak fanm ansent, granmoun aje ak moun ki gen sistèm iminitè fèb kapab pi sansib a limon. Si gen nenpòt enkyetid, pale ak doktè ou.

## Kisa ki fè limon pouse anndan kay?

Dlo ki koule sou tèt kay ak nan plonbri, kote ki gen anpil imidite oswa kote ki frèt nan bilding, inondasyon ak dal oswa egou ki kase/bouche se gwo

lakòz devlopman limon. Lòt jan ou ka konnen gen limon, se tach sou sifas yo, odè mwazi, kote ki nwa nan vantilasyon oswa sou kote vantilasyon, tach dlo epi planche ki kouvri an vinil oswa papyè pentire pou kouvri mi k'ap dekale oswa ki woule. Yo jwenn limon nan saldeben, nan fenèt, dèyè chofaj ki mache ak dlo epi nan kwizin. Ou kapab jwenn limon nan plafon, mi, fèy playwoud, liv, bwa ak rad.

## Kisa w dwe fè si w jwenn limon anndan kay ou?

Ou kapab anpeche limon pouse anndan kay si w kontwole imidite anndan kay la. Si gen limon anndan kay la, ou dwe retire limon an epi rezoud pwoblèm imidite a pi vit posib. Si w retire limon an epi ou pa rezoud pwoblèm imidite a, limon an ap tounen.

Nan pifò sikonstans, si kote ki gen limon k ap pouse a piti (mwens pase 10 pye kare) ou kapab netwaye li poukont ou. Li enpòtan pou w foubi kote a ak detèjan ak dlo pou w ka retire limon an epi pou w ka seche kote a nèt epi byen vit. Si gen anpil limon ki pouse sou ki materyèl pèmèt dlo oswa lè pase ladan yo, tankou tapi, fèy playwoud, oswa izolasyon, ou dwe retire yo epi ranplase yo. Itilize pwoteksyon, tankou gan, yon mask N-95 pou respirasyon, linèt pou pwoteksyon je, manch long ak pantalon long lè w ap netwaye limon. Ou kapab vle pale ak yon ekspè si kote limon an pouse a laj anpil oswa si limon an kapab rann pwoblèm sante ou pi mal.

*Aspergillus versicolor*

## Èske li nesè pou mwen fè evalyasyon oswa fè prelevman yon echantyon limon an?

Nan pifò sikonstans, si w kapab wè limon an k ap pouse, ou pa bezwen fè tès/ni prelevman echantyon limon an. Sa kapab koute chè. Yo pa ka itilize rezilta yo pou deside si yon bilding gen nivo limon oswa selil limon ki akseptab. Mezi pou pran pou netwaye oswa pou anpeche limon pouse yo se menm pou tout kalite limon. Li pi enpòtan pou anpeche limon an pouse pase pou w konnen ki kalite limon li ye. Si ou anplwaye yon pwofesyonèl pou rezoud pwoblèm limon anndan kay la, echantyon/tès la kapab itil pou detèmine si netwayaj la te byen fèt. Pi bon jan pou jwenn limon k ap pouse se pou w itilize je w yo pou w gade epi pou itilize nen ou pou w ka jwenn ki kote yon odè mwazi ap soti. Si gen yon kote ki gen dlo, sant tèt oswa mwazi, kapab gen limon ki prezan. Lòt endikasyon yo se siy imidite oswa alèji ki vin pi mal.

## Kouman pou mwen anpeche limon pouse anndan kay?

Li enpòtan anpil pou kontwole imidite pou anpeche limon pouse. Li enpòtan pou w netwaye limon touswit ou wè li, men l ap tounen si w pa rezoud pwoblèm dlo a. Pou anpeche limon pouse, pwopriyete kay yo ak pwopriyete teryen yo dwe:

- ▶ Repare dlo k ap koule byen vit epi anpeche dlo antre nan kay yo ak nan bilding yo
- ▶ Seche nèt ale materyo bilding, mèb ak tapi ki mouye anvan 48 èdtan pase.

- ▶ Ranplase atik dlo gate yo touswit posib.
- ▶ Fè ansòt pou sistèm chofaj/ventilasyon/klimatizasyon ap fonksyone tout tan, pou w ka gen kantite lè egzakt k ap sikile anndan bilding lan.
- ▶ Kenbe imidite relatif anndan kay la anba 60% (de preferans, ant 30% ak 50%). Bon jan lè k ap sikile ak dezimidifikatè yo ede kenbe imidite a ba.
- ▶ Tcheke tèt kay yo, plafon yo, mi yo, planche yo ak tapi yo pou wè si gen dlo k ap koule, limon k ap pouse, oswa odè mwazi.
- ▶ Pa kite tiyo awozaj yo frape bilding yo oswa kay yo.
- ▶ Repare dal ki kase/koule sou tèt kay yo.
- ▶ Pran abitud ranplase filt klimatizè yo ak kivèt ki ranmase dlo ki koule nan klimatizè yo detanzantan
- ▶ Fè ansòt pou lè ki soti nan fou yo, saldeben yo ak sechwa pou rad yo ale deyò kay la, si'l posib.

## Ki mezi pou pran pou netwaye limon?

1. Jwenn epi rezoud pwoblèm imidite a.
2. Fèmen tout sistèm chofaj oswa klimatizè pou anpeche selil limon pwopaje nan kay la ak nan bilding lan. Si l posib, limen yon vantilatè nan yon fenèt pou pouse lè a soti deyò.
3. Retire, anbale epi jete materyèl ki gen anpil limon ki pouse ladan yo (pa egzanzp, kawo nan plafon yo, kui, fèy playwoud, panno, pwodwi ki fèt an bwa, papyè, tapi, ranbouraj, eksetera).
4. Itilize detèjan nan dlo cho epi fwote kote ki gen mwazi a. Sèvi ak yon bwòs di oswa yon paydefè sou kote ki rès yo.
5. Rense tout kote a nèt ak dlo cho. Ou kapab itilize yon vakyòm pou ranmase dlo anplis la.
6. Kite kote a finn seche nèt ale pandan 2 oswa 3 jou. Ogmante tanperati an epi itilize dezimidifikatè ak vantilatè pou ede kote a seche pi vit.
7. Vakyòm kay ou ak yon vakyòm ki gen yon filt HEPA, si gen youn ki disponib.
8. Mete rad manch long, pantalon long, gan, epi yon mask pou respirasyon N-95 pou w ka pwoteje tèt ou.

## Kouman pou mwen anplwaye pwofesyonèl pou ede mwen?

Si dlo a fè anpil dega epi gen anpil limon ki pouse, ki menm rive kouvri plis pase 10 pye kare, ou dwe panse pou w anplwaye yon konpayi/pwofesyonèl ki fè evalyasyon limon epi/oswa yon konpayi ki netwaye limon. W ap bezwen èd pwofesyonèl si sistèm chofaj/ventilasyon/klimatizasyon ou a gen limon ki pouse anndan li, oswa si se egou oswa lòt dlo ki kontamine ki koze dega dlo/limon an fè a. Men kisa ou dwe konsidere lè w ap anplwaye yon ekspè oswa yon konpayi pou fè sèvis netwayaj yo:

- ▶ Eksperyans konpayi a genyen nan rezoud menm kalite pwoblèm sa yo, san ou pa bliye fòmasyon ak konpetans moun k ap fè travay yo